

# KUWIRIRANISA MITEMO YEMBEU KUNOKANGANISA SEI MBEU DZE FMSS UYE VARIMI VANE MINDA MIDIKI

**M**itemo yembeu yakawiriraniswa inokoshesa mbeu dzinenge dzauchikwa nechinangwa chokushandiswa paminda mikuru kana kuti mapurazi makuru chete. Izvi zvinoshayisa mukana kuvarimi vane minda midiki wekuti varimewo dzimwe mbeu, zvakadai sekurima zvavajaira kana kushandisa mipfudze yechivanhu pakurima.



Mitemo yembeu yakawiriraniswa haipi mukana kumbeu dzinouchikwa nevarimi wokuti pave ne FMSS uye dzimwe mbeu dzavangava nadzo. Izvi zvinokanganisa chaizvo kusiyana-siyana uye uwandu hwembeu dzemurimi wemunharaunda, idzo dzava kunyangarika.

Kuwiriranisa kuchaita kuti pave nemisika yakawanda yekutengesera mbeu, kwoparadza makambani emunyika anouchika mbeu ukuwo mbeu dzine magwaro dzopararira munharaunda yose yenyika idzi. Izvi zuichamanikidza varimi vane minda midiki kuti vatenge mbeu iri nani asi ichidhura, mwaka wega wega.

Mitemo yembeu yakawiriraniswa haitenderi varimi vane minda midiki kuti vatengeserane kana kuchinjana mbeu nevamwe varimi vari mune dzimwe nyika dzemunharaunda yavo. Varimi vanogona kupinda mutsekwende chaiyo kana vakatakura mbeu vachiyambuka miganhu nayo vasina buumidzo anodiwa. Zuisinei, mitemo yembeu yakawiriraniswa hairambidzi makambani akazvimirira kuti abe ruzivo rwekuuchika mbeu kwagara kuchitwa pachivanhu kuti vanatsurudze mbeu dzavo, vozotengesera varimi vacho nemazimari akawanda.

